

*ПОЭЗИЯ*

Дибир КIулизанов

*ПРИРОДА И ЧЕЛОВЕК*

Заповедные уголки Дагестана



Стр. 3

Стр. 4


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 18 * ноябрь 2014 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

## ЧИЯР КУЧIДУЛ РИКЪУЛЕЛ, РАЧIУНГЕ ДИДА АСКIОР...

**Нилъеда лъавухъе гьаб исанасеб 2014 абилеб сон, тIолго Россиялда ва гьединго цоги регионаздаго гIадин Дагъистаналдаги, В.В.Путиница лъазабун буго культураялъул сонлъун. Нилъер республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасги, гIицIго исанасеб соналъ гуреб, кидаго, культураялде хасаб бербалагьи гьабулеб букIараблъи лъиениги балъгояб жо батиларо.**

Гьелда бан лъаларо, «ЛъаратIа» газеталъул редакциялде цIакъго гIемерал кучIдузул кагътал щолел руго лъагIел байбихьаралдаса нахъе. Кидаго щолел рукIун ратизеги бегьула, дун газеталъул редакторлъун хIалтIизе байбихьун сонги гьечIелъул, цебе букIараб жоялда хадув гъолев гьечIо. Гьел кучIдул абун щолел жалги цIакъго батIи-батIиял, цоцо рахъизе бегьулел щваниги цогиял цIакъго хашал, рокъулги, къалулги, цIализе бегьулелги, бегьуларелги, цIакъ ричIизе захIматалги руго.

ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо буго, гьезул цонигиясул щибниги щаклъи букIунаро жал кечI хъван бажарулел чагIи рукIиналда. Киназулго ракIчIараб буго жал унгоял, гьунар тIокIал поэтал рукIиналда. Макъала хъвалев чиги цониги вукIунаро. ВачIуна цо-цо очкабиги хуларав, гIакълилаб гьумерги гьабун, гIаламалда рагIарав поэт жив гIадин цо чи. Щайила риччалел гьечIел газеталда жиндир кучIдул, жинца церего щвезарунин гьел редакциялде. Я вац, гьел редакциялде щун тIубаларо кинабго иш, гьезул магIнаги букIине ккола, гIадамаз цIализе кколел жаллъидал гьел абун бичIизабизе кIоларо киниги.

Адабияталдасаги нилъ цIакъ рикIад хутIун руго, цониги рекIей асар гьабулеб кечI щоларо редакциялде, лъаларо кечI гьабизе бажарулел чагIаз ритIичIого тун, лъаларо гьаризе бажаруларез кидаго ритIун. Абизе кIоларо щиб гIилаялъ. Амма гьал киналго кIочене гьарураб цо тIехь щвана дихъе гьал къоязда. «Стихотворения избранные» абураб, бащдалъ магIарул, бащдалъ гIурус кучIдул тIад ругеб. Ахмед Султанахмедов абурав чи вуго автор. Цевеккун дида гьев «поэт» лъалароан. Амма жиндир цо дагьабниги щаклъи гьечIо жив «гьунар» бугев шагIир вукIиналда. Хадуб лъана гьев нилъер районалдаса вукIин, Мазада росулъа чи ругIула. ТIехьалда руго гьадинал мухъал, гьес жиндир абун лъурал:

**Эбел чIагого ругел, рачIуге дида аскIор,**
**БичIуларин нужода дир бухIиги, дир хIалги.**
**Гьезда гIайибго гьечIо, эбел йигеб мехалда,**
**Эбел йикIунарейин ракIалдецин кколаро.**
**Эбел чIагого йигел, гьари буго ножода,**
**ЦIуне гьей кинабгIаги, квешаб хабаралдаса.**
**ЦIуне ургъелаздаса, цIуне унтиялдаса,**
**ЦIуне хирияй эбел хвалдаса хIалкIун, васал.**

Кидаго асар гьабулаан дие гьаб кочIоца, хасго машгъурав кочIохъан МухIамадтIамир Синдикъовас ахIулеб замалда. Расул ХIамзатовасул машгъураб кечI буго гьаб. Гьудулавчи АхIмад, дида лъаларо кинаб пикру букIине кколеб дур рекIелъ, гьаб кечI дур абун хъвалеб мехалъ? Расулил гьунарги дур абун чIезе гьабун гIадамал божизаризейищ, яги дуда районалда цонигиги Расул ХIамзатовасул кечI лъалев ватиларин ккуницщ?

Цоги кечI:

**Рохьоб чан бихьизе чанахъан гIадин,**
**Чанги дун вихьизе къватIий яхъарай.**
**Чанахъан вихьидал чанил тIинчI гIадин,**
**Гьанже дун вихьидал, щайзе тIурулей?**
**Унго инсандай мун, сипат гурейдай,**
**Дир сабру биххарай, гIажаибаб рухI.**
**ВахIай хIурулIиндай, малаикциндай,**
**Дир хIалал рихьизе цее тIамулей.**

*Ахир 2 аб. гьум.*

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## ЦIИЯБ НУХ РАГЬАНА



**Ноябралъул анцIила лъабабилеб къоялъ ЛъаратIа районалъул администрациялда тIобитIана иргадулаб гуреб совещание. Республикаялдаса нилъехъе гьоболлъухъ щун рукIана къиматал гьалбал: Республикаялъул бетIерасул божарав вакил ГIалибег ГIалиев, республикаялъул хIукуматалъул председателасул заместитель Рамазан Джафаров, «Дагсельхозстрой» компаниялъул нухмалъулев МутIалиб МутIалибов, журналистал ва.гь.ц**

Сентябрь моцIалъ ЧIорода росулъ ккараб лъугьа-бахъинги, Богьнода мухъалда рагьараб цIияб шагьранухги ва гьел гурел батIи-батIиял, рохелги пашманлъиги гьорлъ журарал хIужаби сабабалъеги ккун щвана цIорораб хасалил къоялъ гьел нилъехъе. ТIоцебе тIобитIана администрациялъул актовый залалда террорадда данде чIарал кIалъа-басаял, бахIсал. Террор лъикIаб жо гуреб ва гьелдаса цIуни гьабизе кколеблъи нилъер киназдаго лъала.

Республикаялдаса щварал хIакимзабизухъ гIенеккун, халкъалъе тIоцебе рагIизе бокьун букIана, кин гьелдаса цIунизе кколел ва жамагIаталъ щиб гьелъие гIоло гьабизе кколебали. Абизе ккола щибго цIияб жо нилъее гьенибги рагьичIо абун.

Бертаби гьаризе ккела, гьоболлъухъ цоцахъе щвезе ккола, террораддагун экстремизмалда данде чIарал плакатал къватIабахъ разе ккола ва гьел гурел гьадинго бокьараб чиясда лъалел жал рукIана абулел.

Амма районалдаги щвезе гIадамалги рихьизе щварал гьалбал лъикIго къабул гьаруна гьанир. ЛъаратIа районалъул гIадамазе хасиятаб бугелъул кидаго гьалбал лъикI къабул гьари. КIиго сагIат гIанасеб заманалъ халат бахъараб совещаниеги лъугIун, киналго къокъана добго Богьнода мухъалда бахъараб цIияб шагьранухъ бихьизе. Ихдалги щун рукIана ниж гьенире, Къардиб росулъ жамагIатгун дандчIвазе. Доб мехалда нух жеги унгояб къагIидаялъ хIадурун лъугIараб букIинчIо. Гьанже киналго стандартазда рекъон, кIиго кIудияб къоги лъураб гIатIидаб нух рагьана. Гьемерал гIадамалги ракIарун кIудияб мавлидги гьабун, хадуб районалъул хIакимзабазгун республика-

*Ахир 2 аб. гьум.*

## ИРГАДУЛАБ БЕРГЬЕНЛЪИ

**19-21 ноябралда Китаялда букIараб дзюдоялъул турниралда нилъер районцояв Сиражудин МухIамадовас бергьенлъи босана.**

Россиялъул дзюдоялъул федерациялъул лъазабиялда рекъон, Китаялъул Циндао абураб шагьаралда тIобитIараб Гран-при турниралда бергьенлъи босана 81 кг цIайиялда нилъер ракьцояс. Финалалда гьесда данде вукIана италияв Антонио Чиано.

Мазгарул медаль босана Уранбаатор Отгонбаатар абурав монголияв ва Швециялдаса Робин Пачекица.

Нижеца цересел номеразда хъван букIана цойги Гранпри турниралда Сиражудин бергьиналъул хIакъалъулъ. Лъалеб букIахъе, гьел турниразда росарал бергьенлъабазда рекъон къола спортсменасе баллал ва бищунго цIикIкIун баллал ругев чи уна цоги кIудиял ва кIвар бугел къецазда гIахьаллъизе. ГьабсагIаталда жиндир цIайиялда Сиражудинада ващад гугарулев спорсмен Россиялда гурев, дунялалдаго жеги вихьулев гьечIо. Амма гьеб цо форма цIунизе цIакъ захIмат букIуна.

Гьарула районцоясе гьебго даражаялда хадувккунги цевевахъине.

# ПРОТОКОЛ

**проведения публичных слушаний по проекту решения о внесении изменений и дополнений в Устав МО «Тляратинский район»**

*с. Тлярата* *от 21.10.2014 г.*

Присутствовало: 107 чел.

*Председательствующий:*
Абдулаев Абдула Салихович
*Секретарь:* Алибеков Камиль Магомедович
Участники публичных слушаний -107 чел.

**ПОВЕСТКА ДНЯ:**

Учет мнений населения и предложений граждан по проекту решения о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Тляратинский район».

Слушали:

Абдулаев А.С. – зам председателя Собрания депутатов МО «Тляратинский район» руководитель рабочей группы по организации и проведению публичных слушаний проинформировал участников публичных слушаний о решении № 3 от 21.10.2014 г., которым был принят проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Тляратинский район».

В процессе обсуждения письменных заявлений не поступило.

Поступили заявления и предложения в устной форме, в котором рекомендовали принять проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Тляратинский район».

Выступили:

1. Магомедалиев М Р- отметил, что, в общем, дополнения и изменения отвечают законодательству Российской Федерации и Республики Дагестан
2. Магомедов Р.А.- Я поддерживаю предложение Магмедалиева М .Р. и предлагаю утвердить проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Тляратинский район».
3. Алиев М.И. - поддержал проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Тляратинский район»
4. Гаджиев А.И.- поддержал проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Тляратинский район».

По проведенным публичным слушаниям, выслушав мнение выступавших Собрание депутатов муниципального района **решило:**

1. Одобрить проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Тляратинский район» с учетом предложений, поступивших от граждан, присутствующий на публичных слушаниях.
2. Рекомендовать собранию депутатов муниципального района учесть предложения граждан при принятии проекта изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Тляратинский район».

Председательствующий **АБДУЛАЕВ А.С.**
Секретарь **АЛИБЕКОВ К.М.**

РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

# ЧИЯР КУЧIДУЛ РИКЪУЛЕЛ, РАЧIУНГЕ ДИДА АСКIОР...

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Кин нужеда кколеб, лъил гьал ргIаби? Гьебги бугоан машгьураб, гIемерахIизеги ахIулеб Бакьайчlиса ЧIанкIал кечI. ХIикмалъи гьабун хутIана бер къапичIого гьабулеб цIогьалдаса. Я вац гьудул АхIмад, гьедигIанго кечIги бокьулев, поэтлъун вахъизеги бокьарав, цIарги къваригIарав чи мун ватани, цо дагьалъ халкъалда ргIичIелгIаги щай росичIел гьел кучIдул, рищунго пасихIал рищичIого? КучIдузул магIнаги лъалел, гьезул къиматги гьабулел чи лъугIун ратиларо жеги, мун цодагьалъ мухIканго хъвадаре, дуе гьелдаса рогьо гурони щвеларо. Гьеб дур тIехь цIалулаго дунго дидаса нечон вукIана. Цоги районазде гьеб тIехь щвеялда дун цIакъ хIинкъунги вуго. Дуца дур суратги чIван бихьула тIехьалда. Гьари буго, гьудул, хадусала гьединал ишазулъ мухIканлъи гьабеян.

25 къоялъ райадминистрациялда заседание тIобитIун хадуб лъазабуна, гьебго къоялъ сагIат лъабго тIубараб мехалъ ЛъаратIа культурияб рукъалъул залалда концерталде рачIаян. Гьеб тIехьалъ гьабуралдаса тIубанго батIияб асар гьабуна концерталъ. АхIулел рукIана лъикIал кучIдул, ЛъаратIа районалъул гимн, Анкьракь кечI, махсародул номерал, миллиял кьурдиял ва ретIа-къай. Бихьулеб букIана гIемерал хIадурлъун рукIин ва тIадегIанаб даражаялда тIобитIана кинабго концерт.

**ЛЪАЗАБИ БУГО 24 декабралда МахIачхъалаялда тIобитIизе буго районалъул студентазулги нухмалъиялъулги дандчIвай. Гьединаб дандчIвай букIана цо ункъо-щуго соналъ цебе мунагьал чураяв Расулов Шамилица тIобитIун. Гьениб букIине буго концертги, рачIине бегьула гIахьаллъи гьабизе бокьарал чагIи.**

Хабар лъикIаб ргIайги.

**РАСУЛ АБАКАРОВ**

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# ЦIИЯБ НУХ РАГЬАНА

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

ялдаса вакилзабаз лентаги къотIун кIудияб даражаялда гьабуна кинабго жо. ТIолабго бугьундерил жамагIат цIакъго разилъана гьаб тIобитIараб тадбиралдаса. Киналго гьеб нух бахъиялъе тадбир гьабурал чагIазе ргIи кьун, гьезие жамагIаталъ баркала кьуна. Басрияб нух квешаб букIана. Хасго хасало гIемерал авариял ккана, машинаял гъоркье ана ва гIемер чагIи хвана доб нухда чIвараб цIерги, ихдал нахъа гурони биунареб гIазуги сабаблъун- абун кIалъалел чагIи гIемер ргIана бугьундерил жамагIаталда гъорлъ.

Нух кидаго кIудияб кIвар буссинабизе ккараб жо бугелъул, хIатта мажгитгицин цо бащдаб метралъ нухде тIаде биччазе бегьулароян абулеб буго цIаларал диниял гIадамаз. Бищун кIудияб кириги нухал къачIаялъулъ бугила.

Нилъер район цоги районалъул ва цоги миллатазул чагIазда лъала шагьаралдаса цIакъго рикIкIадаб ва квешал нухалги ругеб бакI хIисабалда. « ЛъикIал гIадамалги квешал нухалги» абурал мухъал гъорлъ ругеб цо кечI ахIулей гIадан ргIун йикIана, гьел ргIаби цIакъ ритIараллъун рихьула. Хьул буго гьадинал рохалилал данделъаби нилъер районалда гIемер тIоритIизе, нухалги кьоялги ва жеги цIиял проекталги нилъер гьанир гIемерлъизе, республикаялдасаги нилъер районалде бербалагьи цIикIине.

Хабар лъикIаб ргIайги.

**РАСУЛ АБАКАРОВ**



ПРОКУРАТУРА СООБЩАЕТ

## ПРОКУРАТУРОЙ РАЙОНА ПРОВЕДЕНА ПРОВЕРКА

### исполнения законодательства о муниципальной службе и противодействии коррупции на поднадзорной территории

В частности установлено, что решением сессии районного Собрания №2 от 21.10.2010г. заместителем председателя районного Собрания МО «Тляратинский район» избран Абдулаев Абдула Салихович.

Также решением сессии районного собрания №5 от 27.07.2011г. утвержден перечень муниципальных должностей и должностей муниципальной службы в МО «Тляратинский район» согласно приложению №1 и №2. Данным решением утверждена муниципальная должность – заместителя председателя Собрания депутатов муниципального района.

Так в соответствии с Законом Республики Дагестан от 10.06.2008г. №28 «О Перечне муниципальных должностей и Реестре должностей муниципальной службы в Республике Дагестан» муниципальная должность – заместитель председателя представительного органа муниципального образования предусматривается в муниципальном образовании с численностью населения свыше 30 (тридцать) тысяч человек, а в редакции Закона Республики Дагестан от 14.04.2014 №28 свыше 50 (пятидесяти) тысяч человек.

Однако, из письма территориального органа Федеральной службы государственной статистики по Республике Дагестан от 28.10.2014г. №05-10-190 установлено, что численность постоянного населения Тляратинского района по состоянию на 01.01.2010 г. составляет – 22367 человек, на 01.01.2011г. – 22108 человек, на 01.01.2014г. – 22614 человек.

Тем самым, муниципальная должность заместителя председателя Собрания депутатов муниципального района «Тляратинский район», утвержденная решением сессии районного Собрания №5 от 27.07.2011г. является незаконной, так как противоречит требованиям Закона Республики Дагестан от 10.06.2008г. №28 «О Перечне муниципальных должностей и Реестре должностей муниципальной службы в Республике Дагестан».

На основании вышеизложенного прокуратурой района в адрес главы муниципального образования «Тляратинский район» принесен протест на решение сессии районного Собрания №2 от 21.10.2010г. и №5 от 27.07.2011г.

**Прокурор района**
**старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ**

исп. **Г.В. САСИЕВ, тел. 55-29-27**

## ПРОКУРАТУРОЙ РАЙОНА ПРОВЕДЕНА ПРОВЕРКА

### соблюдения требований трудового законодательства в муниципальном казенном образовательном учреждении «Начадинская средняя образовательная школа» Тляратинского района РД

В ходе проверки установлено, что в данном учреждении имеются многочисленные нарушения требований Трудового Кодекса РФ, а именно нарушение требований статей 56,57 ТК РФ – при заключении трудового договора не указывается конкретные сроки – дни выплаты заработной платы; нарушение требований 189,190 ТК РФ – не разработаны, не утверждены и не доведены до сведения каждого работника под роспись правила внутреннего распорядка; нарушение требований ст. 213 ТК РФ работники не прошли обязательные медицинские осмотры (обследования), обязательные психиатрические освидетельствования; нарушение требований п.6 ст. 136 ТК РФ, заработанная плата выплачивается один раз в месяц.

По результатам проверки в отношении директора МКОУ «Начадинская СОШ» возбуждено производство об административном правонарушении, предусмотренное ч.1 ст. 5.27 КоАП РФ (нарушение законодательства о труде и об охране труда).

Постановлением руководителя Территориального органа Федеральной службы государственной статистики по РД директор МКОУ «Начадинская СОШ» признан виновным в совершении административного правонарушения, предусмотренного ч.1 ст. 5.27 КоАП РФ, и ему назначено административное наказание в виде штрафа в размере 5000 (пяти тысячи) рублей.

**И.о. прокурора района**
**юрист 3 класса**
**Г.В. САСИЕВ**

ПОЭЗИЯЛЪУЛ БОКIОН

ДИБИР КIУЛИЗАНОВ

## Мун йихьизе хьвадарал

Мун йихьизе хьвадарал,
Къокъидал дир сухъмахъал
Хъархъица ва мичIчIица
Рахчун ратана дида!
Цоцазухъе хъван къолел
Кагътал жанир рахчараб
Гьодораб доб маххилгъветI
КьотIун батана цояс!
Лъадае мун хьвадарал
Къваридал росдал нухал,
Жакъа шагьранухаца
Рилизарун ратана!
Дица дуе ахIарал
КучIдузул дандерижи
МугIруца ва рохьаца
ТIокIал такрар гьаричIо!
Кидаяли гьайбатаб
Рокьул завал букIарал,
ТIамах гъенараб гъветIлъун
ХутIана нилъ янгъизго!
..Амма гьикъе рекIеда,
Гьелъ дуй жаваб гьабила!
ЯнгъизлъичIо, херлъичIо,
ГIолохъанго руго нилъ!

## ГIоралгищин гIодула

(Юмореска-хIакъикъат)

Алжаналъул бокIнилъан
БеролелгIан рацIадал,
Иццалгун лъарал журан
ГIураб буго Джурмут гIор!
Амма, жаниве ваккун
Цо гъорлъан валагьани,
Чорокаб кьишни–цIералъ
ЦIун буго гьелъул тIину!
ПиргIаназецин тIокIаб
НигIматлъун
жиб рикIкIараб
БацIадаб лъел ччугIацин
КъанагIатлъулеб буго!
Гъармахъалъ ччугIа кколеб
ГIадат букIана цебе
Гьанже гьиналъ, тротилалъ
Буго пасат гьабулеб!
Гьобол вачIани - форель
Бертин бугони - форель
ХIалтIи гьечIел чIукIнаби
ЧIун руго гьеб хвезабун!
«БагIараб тIехь» букIина,
Нилъей баянал кьолеб,
Нилъ ина Севаналде
Форель кванан кеп цIазе!

## Кьурал къоял - бакъ буго

Гьариларо хвагиян,
ГьаричIониги хвела !
Гьариларо къоялги,
Дие къисматал кьела!
ГIедегIиларо дове
Гьанибго лъикI бихьула
Дида лъазабиларо
Дир рухI бахъулеб лахIзат!
Кьурал къоял – бакъ буго,
Доре унел бакъ тIерхьи!
Гьаре ТIадегIанасде
Иманалда тIовитIе.....!

## Ункъмухъал

БахIарчи, дур тахида
Тухумалъе бакI щола!
ХIалихьатил тахида
Тухум гьесда релъуна!
Гьунаралъе - цо асар,
БахIарчилъи - цо лахIзат.
Киналдаго мал лъолеб,
ХIалихъалъи – цо лахIзат!

## ТIегь букIана цIар лъалеб...

Дихъа биларав цо тIегь,
ДандчIвана жакъа дида!
Дихъ балагьун цо гьимун
Къокъун ана цебехун!...

Нухбакьулъ вахъун чIарав
ЧIовухъе хутIана дун!
ТIегь букIана цIар лъалеб,
ЦIакъ цебего биларав!

РекIел тIинда гъваридго
Бахчараб цо балъголъи.
БачIана цебе гьурщун
Ралъдал карачел гIадин!

Пикрабаца гьале дун
Вачана цо лъарахъе,
Лъарал рагIалда чIарай
Цо ясалъул хьолбохъе.
Лъарал чил-чили гуреб,
ТIокIаб гьаракь букIинчIо.
ТIоцебе дица гьелда
Гъуждузда квер лъолаго!

Хадуб бахъараб гъугъай
КIочонаро кидаги!
Гьеб букIана къабгIулеб,
КIиязулго каранлъ ракI.

РекIелъа кин хъвагIалеб
Дур кIутIбузул хIеренлъи,
ХIасраталъ ва гIищкъуялъ
Гирарал магIил гарал.

ЦIагун цадахъ бахъулеб
Дур хIухьлаца виччарав,
Жеги вакъван гьечIо дун,
Жеги бухIи лъугIичIо....

ТIамах гъенараб гIадин,
Гьенана къоял, сонал!
Дир гъуждузде къуларай,
ХутIана мун даималъ!

## Дир рокьул къагIида чучлъулеб буго

(КIудияв шагIир-МахIмудиде)

МахIмуд мун нижее камун вугеб куц,
Мукъсанлъараб рокьи тIегьазабизе!
МахIмуд жакъа анищ нижеда гьоркьов,
ГIишкъу кIочон тарал нухтIе ахIизе!
Дуца рекьун тарал рокьул гъутIбузда,
Я тIамах, я тIугьдул раккулел гьечIо!
Дуца нахъе тараб гIишкъуялъул цIа,
ЦIи гьабун бакулел камулел руго!
Дуца эхетарал гIишкъудал сиял,
Гьел нахъе ц!унулев тарихчи гьечIо.
Рокьул гIоразда тIад дуца лъун тарал,
Кьоял ва чIалаби турулел руго!
Дур гIишкъудал калам къо бахъанагIан,
ТIеренлъулеб бихьун хIалхьи хун буго!
Дунялалда тIокIаб такрарлъулареб,
Дур рокьул къагIида чучлъулеб буго!
ГIишкъудал гьуинлъи бичIчIулеб гьечIо,
Ракьа-гьан балаялъ хинлъулеб гьечIо!
Жакъа рокьул къимат кIочон тун буго,
ГIарцуца гIолилал гуккулел руго!
МахIмуд! Рокьи буго! Гьеб тIагIун гьечIо,
Гьеб тIеренлъиялъул бицунеб буго!
Дур ахIун лъугIичIел рокьул кучIдуца,
ГIишкъудал рукъ базе ахIулел руго!

**Эпилог:**
Дур рокьи хун гьечIо, гьеб чIаго буго,
ГIасрабалъ хутIила гьелъул гъварилъи!
Дуца рокьи цIунун тана гьаб дунял,
ЧIагояз босила дудаса мисал!!!!

## РекIел ахIи

ТIоцебе дур бер чIвайгун, чIваби тIуна дир рекIел,
Дида лъана хIакълъунго, дун асирлъун ккун вукIин!
Дур бераца кунчIулел чIоразухъ балагьидал,
Данде чIун пайда гьечIеб бичIана дир рекIеда!
Дур гьайбатаб гьимиялъ гIакълу тIагIун лъугьуна,
Беразул чалухълъиялъ, чара къосизабула!
МугIрул тIогьиб рогьалилъ чIвараб бакъул нур гIадал
Дур беразул кунчIиялъ чIвачIого дун хутIилищ?

Рахьгин гьоцIо жубарал, дур кIутIбуца щурулеб
Гьимиялъул гьайбаталъ щив хутIилев хвечIого?
ЦохIо мун гьимарайго бакъ-моцI цадахъ гьимула,
Нагагь рагIун елъани, дунялалъго хъат чIвала!
Дир каранда кIетIолей чIоларо мун лахIзаталъ,
Пикрабалъ йоржанхъилей рещтIунаро гIодое!
Дур борхалъи, гIаданлъи унеб гьечIо рекIелъа
Дургун гIахьалаб хIухьел буго жакъа гIолареб.

Киса гьал рачIарал, кил гьал рижарал
Цоял жалго гьекъолел ва гIаракъи какулел,
Цоял кванa-гьекъезе лъиениги кьоларел.
Цоял гIумру анилан, гIакълуялъ рехун тарал,
Цоял гIаданлъиялъул къатIра бидулъ бижичIел!
Цоял мугъзада нахъа, хIилла рекIкI эхетулел,
Цоял дур цIар суризе, бецIаб гIакълу ургъулел.
Цоял унтун ругилан, пенсияби къачIалел,
Цоял рокьор къижун чIун, зарплатаби росулел.
ХIалалалъе къор лъолел, хIакъал хIарамзадаби,
ТIекъалъе нух рагьулел, гIелмудал чемпионал.
Лъаниги лъачIониги, гIалимазул роль хIалел,
Цониги тIехь цIаличIел, «пагьму» цебе гьурщулел!
Намус щиб жо лъаларел, иман щиб жо кIочарал,
КIалзул калам чар-чарал, «чанахъабазул» боял.

**ЭПИЛОГ:**
Нагагь, дур гIакъилаб нух, гIатIилъулеб бугони,
Гьеб нух битIизе кваридаб кьзе кIвен-макъу тун къеркьола.
Нагагь, дур гIаданлъиялъ, гIалам рази гьабуни,
Дуй къор лъезе ургъула, къоялъ нахъ бахъичIого!

Нух битIаги «лебалал», къо рекъаги «булбулал»,
Къаданир ратугеги, нухдаги дандчIвагеги!

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан Комплексный центр социального обслуживания населения в муниципальном образовании «Тляратинский район» **информирует о возможности направления на социальную реабилитацию детей и подростков с ограниченными возможностями** с патологией нервной системы (детский церебральный паралич, последствия травм центральной и периферической нервной системы, акушерские порезы, аутизм, синдром Дауна) в Республиканский реабилитационный центр «Надежда» при необходимости с одним из родителей или законных представителей.

**Перечень документов, необходимых для зачисления в центр:**
1.Направление с УСЗН (управления соц.защиты населения) в МО «Тляратинский район»
2. Медицинское заключение невролога
3.Общие анализы
4.Свидетельство о рождении ребенка
5.Паспорт родителя
6.Если есть справка об инвалидности

По данному вопросу можно обращаться в КЦСОН в МО «Тляратинский район» или в УСЗН в МО "Тляратинский район».

**Директор ГБУ РД КЦСОН в МО «Тляратинский район» С.Б.МИРЗААЛИЕВА**

## ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ РОДИТЕЛЕЙ МНОГОДЕТНЫХ МАЛОИМУЩИХ СЕМЕЙ

УСЗН в МО «Тляратинский район» **доводит до Вашего сведения, что многодетным малоимущим семьям, где среднедушевой доход семьи меньше прожиточного минимума,** установленного по Республике Дагестан за 2-ой квартал (7268 руб) в семье которых имеется ребенок, поступающий в первый класс в 2014-2015 учебном году, Правительством Республики Дагестан установлена единовременная денежная выплата в размере 2000 рублей. Родителям многодетных малоимущих семей имеющих детей поступающих в первый класс в 2014-2015 учебном году необходимо в срок до 1-го декабря обратиться в УСЗН с необходимыми документами для назначения данной выплаты.

**Перечень необходимых документов:**
1. Справка о составе семьи
2. Справки на руки с пенс .фонда на родителей (о размере пенсии)
3. Справки с налоговой службы на родителей (являются или не являются предпринимателями)
4. Справки с сел. адм. на родителей (работают или не работают)
5. Справка со школы на ребенка(учиться в 1-ом классе в 204-2015уч.году)
6. Паспорта и страховые свидетельства родителей
7. Свидетельство о рождении ребенка

Если документы не будут представлены в указанный срок, мы не можем включить Вас в заявку, в связи с тем просим обратиться своевременно

**ПРИМЕЧАНИЕ :** среднедушевой доход семьи не должен превышать прожиточного минимума по Республике Дагестан за 2-ой квартал - 7268 руб

**Руководство УСЗН**

## ИНФОРМАЦИЯ УСЗН В МО «ТЛЯРАТИНСКИЙ РАЙОН» ДЛЯ РОДИТЕЛЕЙ ДЕТЕЙ С ОГРАНИЧЕННЫМИ ВОЗМОЖНОСТЯМИ

Сообщаем Вам, что Вы можете направлять для прохождения курса реабилитации детей с ограниченными возможностями с патологией центральной нервной системы, а именно с детскими церебральными параличами и заболеваниями костно-мышечной системы, с одним из родителей (или лицом его заменяющим) в Реабилитационный центр для детей и подростков с ограниченными возможностями. При обращении за направлением просим Вас иметь с собой все необходимые данные, сведения о ребенке и сопровождающего лица

**Руководство УСЗН**

ПРИРОДА И ЧЕЛОВЕК

# Заповедные уголки Дагестана

**Человечество настолько изменило природу, что уже мало остается нетронутых уголков на Земле. Не является исключением и наша Республика. Это обстоятельство придает особую ценность единственному в Дагестане заповеднику и трем федеральным заказникам, которых называют особо охраняемыми природными территориями.**









Помимо охраны природы и научных исследований, приоритетным направлением работы заповедника является экологическое просвещение, целью которого является формирование позитивного отношения ко всему разнообразию окружающей нас природы. Важным источником информации, как для дагестанцев, так и жителей других регионов нашей страны стал официальный сайт заповедника (www.dagzapoved.ru). На нем каждый желающий сможет найти всю информацию о заповедных участках «Кизлярский залив» и «Сарыкумские барханы», и подведомственных заповеднику федеральных заказниках «Аграханский», «Самурский» и «Тляратинский», просмотреть фотографии природных уголков и познакомиться с последними новостями о деятельности заповедника.

В рамках экологического просвещения населения, мы хотим вам рассказать об участках заповедника «Дагестанский».

Заповедник «Дагестанский» организован в 1987г. Постановлением Совета Министров ДАССР от 23.09.1986г.№ 208 на двух участках – «Сарыкумские барханы» и «Кизлярский залив». Общая площадь заповедника – 19061 га, в том числе участок «Кизлярский залив» - 18485 га и участок «Сарыкумские барханы» - 576 га. На прилегающих заповедным участкам землях и водном пространстве созданы охранные зоны с ограниченным режимом пользования, общей площадью 21065га, в том числе на бархане Сарыкум – 1175га и в Кизлярском заливе -19 890га.

Участок «Кизлярский залив» расположен в Тарумовском районе, на северо-востоке Дагестана, у устья реки Кума. Территория охватывает морские мелководья и слабонаклоненную к морю террасу западного побережья Каспийского моря. Берега отмелые. Воды залива опресненные, средняя глубина залива – около 1,5 м. Вследствие сгонно-нагонных явлений, при сильных ветрах, уровень воды в заливе может значительно колебаться. Мелководная часть акватории занята широкой полосой тростниковых крепей, изрезанной каналами, многочисленными плесами и заводями. Растительность представлена разнообразными переходами плавней, болотистых и приплавневых лугов. По мере удаления от воды луга переходят в полупустынные злаково-полынные и солянково-полынные комплексы. Во флоре Кизлярского участка отмечены такие редкие и охраняемые виды, как меч-трава обыкновенная, водяной орех (чилим) гирканский, пузырчатка обыкновенная, сальвиния плавающая и другие. В водах залива обитают около 70 видов и подвидов морских, проходных, полупроходных и речных рыб, в том числе такие редкие и исчезающие формы, как шип, каспийская кумжа, белорыбица, предкавказская шиповка.

Кизлярский залив является единственной на каспийском побережье территорией, где нерест большинства видов рыб проходит непосредственно в морской воде. Фауна залива примечательна также большим разнообразием птиц, среди которых очень много видов, занесенных в Красные книги России и Дагестана (кудрявый пеликан, малый баклан, каравайка, орлан-белохвост, пискулька, журавль-красавка, степная тиркушка, авдотка и др.). Залив является также очень важным местом остановок на миграциях ценных охотничье-промысловых птиц, для которых здесь имеются хорошие условия для отдыха, жировки и пережидания плохих погодных условий. Как место гнездования, пролета и зимовки редких и охраняемых видов птиц Кизлярский залив объявлен ключевой орнитологической территорией международного значения. Всего на участке «Кизлярский залив» и прилегающих территориях зарегистрировано 216 видов птиц.

Участок «Сарыкумские барханы» расположен в Кумторкалинском районе. Здесь охраняется один из самых высоких изолированных песчаных массивов в Евразии. В переводе с кумыкского языка Сарыкум означает «желтые пески». Абсолютная высота бархана превышает 250 метров над уровнем моря. Высота собственно песчаной горы от его основания составляет 150 метров.

Специальных исследований по генезису Сарыкума до сих пор не проведено, и гипотезы его возникновения остаются пока слабо обоснованными. Большинство ученых склонны считать, что бархан Сарыкум образовался благодаря своеобразному ветровому режиму, приведшему к интенсивному выдуванию песчаников, из которых сложены прилегающие к нему предгорные хребты.

Флора Сарыкума с прилегающими предгорьями насчитывает более 350 видов растений, в том числе такие редкие и охраняемые, как астрагал каракугинский, астрагал Лемана, джузгун безлистный, вайда песчаная, крестовник Шишкина, касатик остродольный, безвременник яркий и др. Еще более богат и своеобразен животный мир.

Фауна беспозвоночных насчитывает несколько тысяч видов, среди которых немало краснокнижных насекомых: боливария короткокрылая, дыбка степная, щипавка буцида, аскалаф пестрый, грушевая сатурния, махаон и др. Особое значение имеет этот участок заповедника для охраны пресмыкающихся, среди которых также много редких и охраняемых видов – средиземноморская черепаха, ушастая круглоголовка, кошачья змея, гюрза.

На Сарыкуме и прилегающих к нему склонах хребта Нарат-Тюбе зарегистрировано более 170 видов птиц, в том числе три десятка занесенных в красные книги Международного Союза охраны природы (МСОП), России и Дагестана (орел-могильник, беркут, степной орел, курганник, черный гриф, белоголовый сип, стервятник, ястреб тювик, степная пустельга, стрепет, филин и др.). Как место гнездования и миграций редких и исчезающих птиц бархан Сарыкум и хребет Нарат-Тюбе объявлены Союзом охраны птиц России ключевой орнитологической территорией международного значения.

## ИНФОРМАЦИЯ О РЕСПУБЛИКАНСКОМ РЕАБИЛИТАЦИОННОМ ЦЕНТРЕ « НАДЕЖДА»

Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Тляратинский район» информирует жителей района о том, что в г.Махачкале 25 декабря 2013 года **открылся Республиканский реабилитационный центр «Надежда»**. Данный центр создан постановлением правительства Республики Дагестан от 11 сентября 2013 года № 340 в рамках реализации федеральной целевой программы «Юг России (2008-2013 годы). Центр «Надежда» расположен на берегу Каспийского моря на 7-м километре Сулакской трассы территории Караман-5, состоит из четырех двухэтажных сблокированных зданий со спальными помещениями на 210 коек и принимает пациентов с патологией нервной системы: детей ( с детским церебральным параличом, последствиями травм центральной и периферической нервной системы, акушерскими порезами, аутизмом, синдромом Дауна) с одним из родителей или лицом, его замещающим.

**Перечень документов, необходимых для поступления в Центр:**

1. Направление органа социальной защиты населения с указанием о среднедушевом доходе ниже прожиточного минимума;
2. заявление;
3. документ, удостоверяющий личность (свидетельство о рождении, паспорт);
4. заключение лечебно-профилактического учреждения о состоянии здоровья, требуемых медико-реабилитационных мероприятий отсутствии медицинских противопоказаний к зачислению;
5. справка об инвалидности;
6. индивидуальная программа реабилитации инвалида, выданная учреждением государственной службой медико-социальной экспертизы;
7. анализы: а) общий анализ крови, мочи.
   б) кал на я/глист, дизгруппу, ф-30 ( с мая по сентябрь)
   в) мазок на дифтерию из зева и носа.
8. справка от дерматолога;
9. справка от участкового врача об эпидоокружении;
10. флюрография для лиц старше 12 лет;
11. справка о прививках (детям).

Для сопровождающего лица:

1. флюрография;
2. анализ кала на дизгруппу, ф-30 (с мая по сентябрь);
3. мазок на дифтерию из зева и носа;
4. копия паспорта;
5. для занятий в бассейне справка от дерматолога (и гинеколога для женщин).

**Наличие свободных мест** в Центре необходимо уточнить по телефону: 8-988-785-78-08

Республиканский реабилитационный центр «Надежда» расположен **по адресу: г.Махачкала, ул.Караман-5 тер.**

По вопросу получения направления в Республиканский реабилитационный центр «Надежда» просим обращаться по адресу: **с. Тлярата .Тляратинского района УСЗН, электронная почта uszn_tlr@mail.ru**.

ОБЪЯВЛЕНИЯ

Тляратинский ОАО "ДЭП №35" объявляет аукцион на продажу автомобиля Toyota Prado. Выпуск 2010г. Аукцион пройдет 25 декабря в здании Тляратинский ДЭП. Цена 560 000 р.

Объявляется вакансия на должность заместителя главы администрации "АСП Герельский"
*Глава "АСП Герельский" ШЕЙХОВ Али*

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 25.11.2014